VIL EVERETT
PWOGRAM EMPOWER EVERETT

PLAN AGREGASYON

3 Septanm 2025

TAB KONTNI

I. Rezon
II. Definisyon
III. Egzijans Pwosediral
  A. Kòmansman Pwosesis la
  B. Konsiltasyon avèk DOER
  C. Revizyon Piblik
IV. Eleman Plan a
  A. Estrikti Oganizasyonèl Pwogram la
  B. Operasyon Pwogram la
    1. Egzijans Pwosediral
    2. Acha Pwovizyon yo
    3. Enfòmasyon KontEnfòmasyon sou Pwodui a
    4. Lòt sous Finansman/Lòt depans pou Patisipan yo
    5. Anwòlman Konsomatè
    6. Notifikasyon pou Kliyan yo
    7. Enfòmasyon kontini sou Pwogram la
    8. Finisman Pwogram la
  C. Dwa ak reskonsablite Patisipan Pwogram yo
V. Revizyon Depatmantal plan Minisipal Agregasyon
VI. Rapò Anyèl
VII. Notifikasyon a Konpayi Distribisyon Elektrik
  A. Depo Plan
  B. Akò Pwovisyon Enèji
VIII. Chanjman Plan ak Pwogram
  A. Pwosesis pou Revizyon Plan
  B. Konsiltan pou Pwogram la
IX. Pwogram Minisipal Agregasyon LICSS

1è Atachman - Enfòmasyon sou kontak konsènan Plan a
Atachman 2 - Notifikasyon pou Soti nan plan a

I. REZON

Vil Everett devlope plan agregasyon minisipal sa nan respè lwa Massachussets konsènan agregasyon konsomatè elektrik. Li gen ladan'l enfòmasyon sou estrikti, operasyon, sèvis, finansman, ak politik Plan Vil la. Plan a devlope nan konsiltasyon ak Colonial Power Group, Inc, avèk Depatman Resous Enèjetik Massachussets (Massachussets Department of Energy Resources), epi li konsistan avèk direktiv pou Agregasyon Minisipal yo ke Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Utilities) te devlope.

Objektif plan sa, se pou reprezante enterè konsomatè yo nan mache ki konpetitif pou elektrisite. Li vize poul reyini konsomatè ki nan vil la pou negosye to pou pwovizyon elektrik. Li mete ansanm pouvwa acha plis pase 50,000 konsomatè. Vil la vize poul pran yon pi gwo kontwòl opsyon li nan zafè enèji, sa ki gen ladan'l kapasite pou chèche ekonomi sou pri, estabilite pri, avèk kantite kontni enèji renouvlab. Patisipasyon chak konsomatè volontè Konsomatè yo kapab refize sèvis ki founi a travè plan a, e yo kapab chwazi yon opsyon pwovizyon altènatif.

II. DEFINISYON

Rapò Anyèl - Se rapò ke Vil la ap ranpli chak ane avèk Depatman ki gen ladan; enfòmasyon sou Pwogram nan pou ane ki fi'n pase a (Wè Seksyon VI, ki pi ba).

Anrolman Automatik Konsomatè - Sa vle di yon konsomatè elektrisite ki kalifye pou li anrole nan Pwogram nan sou yon baz ke li ka kite pwogram nan, espesifikman tout konsomatè sèvis de Baz yo, eksepte konsomatè sa yo ki (1) enfòme Konpayi Distribisyon Elektrik (Electric Distribution Company) ke yo pa vle ke enfòmasyon kont yo pataje avèk minisipalite yo, oubyen (2) ki ap patisipe nan pwogram opsyonèl "enèji vèt" (green power) ki egzije ke yo rete nan sèvis de baz.

Sèvis de Baz - Sa vle di pwodui elektrisite ke Konpayi Distribisyon Elektrik bay Konsomatè Elektrisite ki pa resevwa pwovizyon elektrik yo de yon Founisè ki an Konpetisyon avèk yo, oswa a travè patisipasyon nan Pwogram la.

VIL EVERETT

Founisè Konpetitif - vle di yon antite ki gen yon lisans Depatman poul vann pwodui founiti elektrik a Konsomatè elektrisite, jan li defini nan 220 CMR 11.02.

Konsiltan - sa vle di yon antite ke Vil la angaje pou ede avèk devlopman e operasyon Plan ak Pwogram la.

DOER - Vle di Depatman Resous Enèjetik Massachussets (Massachussets Department of Energy.

Pi Bon Pratik DOER - sa vle di *Meyè pratik ke DOER Rekòmande pou Avanse Enèji Pwòp nan Plan Agregasyon yo, e yo kapab pote chanjman la dan yo de tan zan tan.*

Pwodui pa Defo - Sa vle di Pwodwi ke Patisipan nan Pwogram yo ap resevwa a mwens ke yo chwazi afimativman yon pwodui altènatif.

DOER - Vle di Depatman Resous Enèjetik Massachussets (Massachussets Department of Energy.

Konsomatè Elektrik - sa vle di konsomatè ki nan rejis yon kont avèk Konpayi Distribisyon Elektrik.

Konpayi Distribisyon Elektrik oubyen EDC - sa vle di Compayi Electrik Masachusèt d/b/a National Grid.

Akò Pwovizyon Elektrik oswa ESA - Sa vle di yon kontra ant Vil la ak yon Founisè nan Pwogram na konsènan pwovizyon elektrik pou Pwogram nan.

Koutye Elektrisite - vle di yon antite ki gen yon lisans Depatman poul fasilite oswa fè aranjman pou achte ak vann founiti elektrik ak lòt sèvis ki gen rapò a Konsomatè yo, jan li defini nan 220 CMR 11.02.

Popilasyon Jistis Anviwònmantal - Nan Massachussets, yon popilasyon justis anviwònmantal se yon katye ki saatisfè youn nan kritè sa yo:

- revni anyèl mwayen yon fanmi pa plis ke 65 pou san de revni anèl mwayen yon fanmi nan tout eta;
- minorite yo fòme 40 pou san ou plis nan popilasyon a;
- 25 pou san ou plis nan fanmi yo manke konpetans nan lang anglè; oswa
- minorite yo fòme 25 pou san oswa plis nan popilasyon an, e revni anyèl mwayen yon fanmi nan vil kote katye a sitiye a pa depase 150 pou san de revni anyèl mwayen yon fanmi nan eta a.[1]

Direktiv- sa vle di Direktiv Agregasyon Minisipal ke Depatman a apwouve nan D.P.U. 23-67, yo ka pote chanjman la dan yo de tan zan tan.

*kWh = kilowat pa è.

LICSSTGU - vle di yon Inite nan yon Kominote ki gen revni ba ki Pataje yon Tarif Solè, jan li defini nan Règleman SMART.

[1] Gade Politik Jistis Anviwònmantal ki soti nan Biwo Egzekitif pou Enèji ak Zafè Anviwònman (Revize 24 Jen 2021) disponib sou https://www.mass.gov/doc/environmental-justice-policy6242021-update/download.

Direktiv LICSS - sa vle di Direktiv DOER ki konsène Pwogram Altènatif pou Inite ki jenere pataj Tarif Solè nan Kominote yo, ak Inite nan Kominote ki gen Revni ki Ba e ki jenere Pataj Solè.

Agregasyon Minisipal Pwogram LICSS - sa vle di yon pwogram nan kominote a revni ba ke yo ofri a travè yon Pwogram, jan li etabli nan regleman SMART yo ak Direktiv LICSS yo.

Minisipalite - sa vle di yon site oswa yon vil (oswa yon gwoup site oubyen vil) ki (1) opere yon pwogram konfòmeman a G.L. c. 164, § 134(a), oswa (2) pwopoze yon plan pou apwobasyon Depatman an.

Pwodui Chwazi - Sa vle di yon Pwodui ke Patisipan nan Pwogram yo dwe chwazi afimativman pou yo resevwa.

Pwodui Refize - sa vle di dokiman ke yo voye pou anrole Kliyan automatikman pou enfòme yo de dwa yo pou yo refize anwòlman (Gade Seksyon IV.B.6>a, pi ba).

Patisipan - Sa vle di yon Kliyan Elektrisite ki ap patisipa nan Pwogram nan.

Petisyon - Sa vle di yon petisyon ke yon Minisipalite soummt bay Depatman pou revizyon ak apwobasyon yon Plan.

Plan - Sa vle di plan agregsyon minisipal la.

Pwodui - Sa vle di yon pwodui pwovizyon elektrik ki disponib pou Patisipan ki nan Pwogram.

Pwogram - sa vle di Pwogram Empower Everett Vil la ki agreje Konsomatè Elektrisite ki lokalize an dedan limit minisipal yo nan objektif pou yo founi elektrisite ak pwodui ak sèvis ki gen rapò ak enèji, konfòmenan a G. L. c. 164, § 134).

Founisè Pwogram nan - Sa vle di yon Founisè Konpetitif ki ap founi elektrisite e, si li aplikab, pwodui ak sèvis ki gen rapò ak enèji a Patisipan yo.

Règleman SMART - Sa vle di règleman ke DOER pwomilge pou etabli yon pwogram sib Solè pou Massachussets pou ankouraje itilizasyon kontinyèl ak devlopman enèji solè nan Commonwealth la.

III. EGZIJANS PWOSEDIRAL

A. Kòmansman Pwosesis la - Vil la resevwa otorizasyon pa yon vòt majoritè de City Council la pou kòmanse yon pwosesis pou devlope yon plan agregasyon minisipal 28 Avril 2025.

B. Konsiltasyon avèk DOER - Vil la konsilte avèk DOER nan devlopman Plan li, konfòmeman a G. L. c. 164, § 134) (a) 27 Me 2025.

C. Revizyon Piblik - Vil la ran'n Plan li pwopoze a disponib pou revizyon piblik de 4 Septanm 2025 a 4 Oktòb 2025 a travè yon lyen ki vizib sou sit entènèt minisipal la.

IV. ELEMAN PLAN A

A. Estrikti Oganizasyonèl Pwogram la - Tab IV.A idantifye antite oswa antite yo (Vil, Konsiltan, Founisè Pwogram) ki pral egzekite fonksyon fondamantal Pwogram la. Gade Direktive, Seksyon IV.A.

Tab IV.A - Strikti Oganizasyonèl				
Fonksyon Fondamantal	**Antite kap fè Egzekisyon a**			**Seksyon Plan a kote tach yo dekri**
	Vil	Konsiltan	Founisè	
Lyezon /Reprezantan/ Ajan				
Reprezantan Minisipal / Ajan devan Depatman (i)	X	X		*Seksyon IV ak Atachman 1*
Lyezon avèk DOER		X		*Seksyon III.B*
Lyezon Avèk Konpayi Distribisyon Elektrik yo		X		*Seksyon VII*
Eleman Plan a				
Acha Pwovizyon yo	X	X		*Seksyon IV.B.2*
Chwa Produi	X			*Seksyon IV.B.3*
Lòt Finansman / Kou	X			*Seksyon IV.B.4*
Anwòlman Konsomatè			X	*Seksyon IV.B.5*
Notifikasyon pou Kliyan yo / Kontak / Edikasyon	X	X		*Seksyon IV.B.6*
Enfòmasyon kontini sou Pwogram la	X	X		*Seksyon IV.B.7*
Fen Pwogram la	X			*Seksyon IV.B.8*
Rapò Anyèl		X		*Seksyon VI*
Sèvis pou konsomatè (i)	X	X	TBD	
Lòt (deskripsyon)				

(i) Enfòmasyon pou kontak ki egzije konsènan plan nan atachman 1.

B. Operasyon Pwogram la

1. Egzijans Legal - Selon G.L. c. 164, § 134(a), Yon Plam dwe founi:

a. Aksè Inivèsèl - Tout konsomatè ki abite oswa ki lokalize nan limit fwontyè minisipal yo kalifye pou yo patisipe nan Pwogram nan,

swa pa yon pwosesis anrolman otomatik oswa sou demand konsomatè a pou li antre nan Pwogram nan (Gade Seksyon IV.B.5, ki pi ba).

b. *Fyabilite* - Vil laretni sèvis Colonial Power Group, Inc. kòmm Konsiltan li, yon Koutye Elektrisite ke Depatman apwouve ki gen lisans poul founi sèvis konsiltasyon bay agregasyon minisipal la. Vil la ofri sa kòm demonstrasyon ke li gen ekspètiz ki nenesè poul opere ak jere Pwogram nan.

c. Tretman Ekitab tout Klas Konsomatè - Tab IV.B.1.c idantifye eleman Plan kote tretman ant klas (oswa souklas) konsomatè yo ka varye pou yo ka asire yon tretman ekitab. Vil la antisipe ke tretman divès ki reflete karakteristik diferan chak klas konsomatè yo ap rezonab e apwopriye.

Klas avèk souklas konsomatè yo diferan nan anpil aspè tankou chaj elektrik, modèl konsomasyon oswa faktè chaj, enterè ak kapasite pou sipòte enèji renouvlab amelyore oswa opòtinite ki dekri nan Meyè Pratik DIER yo, oswa faktè ki asosye avèk Popilasyon Jistis Anviwònmantal tankou kapasite nan lang Anglè. Yo espere ke distenksyon sa yo ap afekte tout aspè nan operasyon Pwogram nan. Pa ekzanp, acha efikas ak responsiv, detèminasyon pwodui, anrolman, notifikasyon avèk efò kontinyèl pou edike konsomatè yo ap varye ant konsomatè rezidansyèl ak pi gwo konsomatè komèsyal oswa endistriyèl a koz diferans ant klas sa yo avèk modèl kosomasyon yo. Faktè sa yo ap afekte nesesèman meyè pratik Pwogram nan pou tout tach ki dekri nan Tab IV.B.1.c, ki pi ba. Anpil ekzanp adisyonèl de tretman ki apwopriye e varye dekri pi ba nan tèks ki gen rapò a chak tach.

Tab IV.B.1c Tretman Ekitab Klas Konsomatè yo					
Eleman Plan					
Acha Pwovizyon yo (§ IV.B.2)	Etablisman to Pwodui yo Kontni Enèji renouvlab (§ IV.B.3)	Lòt Finansman / Kou (§ IV.B.4)	Anwòlman Konsomatè (§ IV.B.5)	Notifikasyon pou Kliyan yo (§ IV.B.6)	Enfòmasyon kontini sou Pwogram la (§ IV.B.7)
☒	☒	☒	☒	☒	☒

2. Acha Pwovizyon yo - Tab IV.B.2 idantifye (1) yon fwa ke Depatman an apwouve Plan, aksyon vil la espere pran pou achte materyèl pou Pwogram nan, e (2) delè ke yo espere pou chak aksyon, idantifye kòm kantite jou aprè apwobasyon Depatman an, sou baz

sipozisyon ke Depatman apwouve Plan nan Jou 0. Jan li dekri pi wo nan Seksyon IV.B.1.c, pandan ke yap aplike pwosesis ki pi ba pou achte materyèl pou Pwogram la, yo ka anplwaye apwòch altènatif pou Klas ak souklas, pa ekzanp nan kontèks achte enèji renouvlab nan sous lokal ki konsistan avèk Meyè Pratik DOER yo

Tab IV.B.2 – Acha Materyèl	
Etap Acha yo	**Kalandriye ki Prevwa**
Enfòme EDC de Apwobasyon Depatman an	2-4 Jou travay
Mizajou Dosye Kalandriye Acha avèk EDC (i)	<= 14 jou
Prepare RFQs/RFPs	TBD
Evalye / Chwazi Pwopozisyon yo	TBD
Negossye / Egzekite Kontra yo	TBD
Lòt (deskripsyon)	TBD

(i) Vil la ap founi EDC avèk Notifikasyon mansyèl ki revize nan kalandriyè acha li, epi lap founi tout notifikasyon ki gen rapò ak kalandriye acha nan rejis ekri Depatman an pou revize Pwogram jiskaske yo livre yon notifikasyon ekzekisyon yon ESA.

3. Enfòmasyon sou Pwodui -Tab IV.B.3 idantifye, pou chak pwodui, (1) konposant to ke yap chaje chak Patisipan, e (2) kontni enèji renouvlab, ki gen ladanl typ resous enèji renouvlab ki fòme konpozant volontè a. Tout fon ki kolekte a travè to yo ap sèvi espisifikman pou benefis Pwogram la.

Tab IV.B.3 - Enfòmasyon sou pwodui a		
		Pwodui (yo) TBD
Konpozant to yo (an $/kWh)		
Kontni pou Materyèl ak Enèji Renouvlab		TBD
Sèvis Konsiltan		$0.001
Sèvis Minisipal		TBD
Lòt Sèvis (deskripsyon)		TBD
TOTAL		
Kontni pou Enèji Renouvlab (nan % total la)		
Ekzijib		
Volontè	Klass I MA	TBD
	Griy Nasyonal	TBD
	Lòt (deskripsyon)	TBD
TOTAL		
Non Founisè		TBD
Dat Efektif		TBD

Jan li dekri nan Seksyon IV.B.3.c ki pi wo, enfòmasyon sou pwodui a kapab varye selon klas oswa souklas konsomatè yo. Vil la poko detèmine et de tan zan tan, lap chanje: (1) kantite Pwodui ke Plan ap ofri; (2) valè to konpozant chak pwodui, (3) nivo kontni enèji renouvlab chak

pwodui oswa (4)eske se pou yo enkli e nan ki nivo pou yo etabli yon konpozant pou to Sèvis Minisipal yo. Majistra a pran desizyon final la sou kantite pwodui yap ofri e ki karakteristik chak sou baz pri mache a pou enèji elektrik ak kontni enèji renouvlab nan moman pwosesis apèl dof e aprè li konsidere opinyon Konsomatè elektrik yo ak Konsiltan an. Si Vil la chwazi poul enkli yon konpozant to pou Sèvis MInisipal yo, tout fon ki kolekte a travè konpozant to sa ap sèvi espesifikman pou benefis Pwogram la.

Pou'l ka fè detèminasyon sou kijan pou chwazi pwodui ak kontni enèji renouvlab chak pwodui, Majistra a ap konsidere objektif Pwogram la pou pri konpetitif, estabilite pri, politik ak bi anviwònmantal ansanm ak lòt politik Vil la oubyen Eta a (pa egzanp, avanse interè kliyan ki gen revni ba, ankouraje devlopman bisnis oubyen pouswiv opsyon ki dekri nan Meyè Pratik DOER yo). Lè nou konsidere ke pri mache a pou materyèl enèji ak kontni enèji renouvlab toujou ap chanje, et yo kapab volatil anpil, nou panse ke pri ki prezan nan moman nenpòt pwosesis apèl dòf konpetitif ap gen anpil enfliyans sou desizyon Vil la sou ki kantite, si ap genyen, kontni renouvlab ki pi plis ke egzijans minimòm eta a pou ajoute nan pwodui (yo) ki chwazi nan chak etap.

Vil la poko detèmine si lap ofri lòt pwodui ak sèvis ki gen rapò ak enèji. Desizyon (egz. refize oswa aksepte) sou si e kòman pou ofri lòt pwodui ak sèvis ki gen rapò ak enèji ap baze sou valè total ki pwojte pou enpe oswa tout Patisipan yo.

Jan li dekri nan Seksyon IV.B.3.c, ki pi wo, plan an rekonèt ke gen kèk souklas kliyan ki diferan nan zafè materyèl chaj elektrik, modèl konsomasyon elektrik, ak faktè chaj elektrik yo. Donk Pwogram nan ka ofri souklas ki gen to diferan pou diminye rezilta negatifyo pou lòt klas konsomatè yo. Pa egzanp, gwo Konsomatè Elektrik Endistriyèl ki (i) se nouvo Konsomatè ki nan anwòlman otomatik, (ii) ki te kite Pwogram nan avan, oswa (iii) ki resevwa sèvis nan men yon Founisè Konpetitif men yo kapab mande pou yo antre nan Pwogram la. Konsideran itilizasyon mansyèl elve konsomatè sa yo, anwòlman kapab fèt nan pri ki aktyèl sou mache a nan moman an.

Plan adrese pi ba kòman Vil la ap mete tab sa a jou nan Seksyon IV.B.7 (Enfòmasyon Kontini sou Pwogram nan),

4. Lòt Sous Finansman / Lòt Kou pou Patisipan yo - Vil la pa idantifye lòt sous finansman. Patisipan yo pap gen lòt peman an plis sa ke yo chaje yo pou konpozant to Pwodui yo. Jan li dekri pi wo nan Seksyon IV.B.3.c, finansman ak pri pwodui yo kapab vaarye selon klas ak souklas yo.

5. Anwòlman Konsomatè

   a. Anwòlman inisyal - Avan anwòlman, Vil la ap voye yon notifikasyon pou soti nan pwwogram nan bay Konsomatè ki nan Anwòlman Otomatik, pou enfòme yo ke yap anwole otomatikman nan Pwogram la a mwens ke yo poze aksyon (yo) ki spesifye nan Notifikasyon pou soti nan Pwogram la. Vil la ap bay konsomatè yo o mwens 30 jou (plis sis jou pou pran an kont livrezon) pou yo soti

nan Pwogram la. Apre tan sa, Vil la ap anwole Konsomatè Anwòlman Otomatik yo daprè egzijans Konpayi Distribisyom Elektrik la. Yap anwolw Konsomatè Anwòlman otomatik ki pa soti nan Pwogram la nan Pwodui pa Defo, a mwens ke yo avèti Vil la ke yo vle resevwa yon Pwodui pou soti. Jan li dekri pi wo nan Seksyon IV.B.3.c, anwòlman konsomatè yo kapab varye selon klas ak souklas konsomatò yo.

Konfòmeman a Direktiv yo, si Vil la pa kòmanse anwòlman inisyal Patisipan yo nan yon delè de zan apre ke Depatman fi'n apwouve, Depatman ap konsidere Pwogram nan fini. An plis, Vil la rekonèt ke, si li vle eseye relanse Pwogram li an nan yon date apre, li dwe respekte egzijans pwosediral ki etabli nan Direktiv yo, Seksyon III.

b. Anwòlman Kontini - Jan li dekri pi wo nan Seksyon IV.B.3.c, anwòlman kontini konsomatè yo kapab varye selon klas ak souklas konsomatò yo, pa egzanp an rapò ak gwo kliyan endistriyèl. Sou yon baz peryodik, Vil la ap (1) anwole otomatikman nou Konsomatè Anwòlman Otomatik, eksepte nouvo gwo Konsomatè Endistriyèl Anwòlman Otomatik yo, selon pwovizyon pou kite pwogram la pou anwòlman inisyal ki dekri pi wo; e (2)Founi Konsomatè ki pa nan Anwòlman Otomatik yo opòtinite pou yo antre nan Pwogram la sou yon baz akseptasyon. Gow Konsomatè Elektrisite Endistriyèl ki (i) se nouvo Konsomatè ki nan Anwòlman Otomatik, (ii) ki te kite Pwogram nan avan, oswa (iii) ki resevwa sèvis nan men yon Founisè Konpetitif men yo kapab mande pou yo antre nan Pwogram la a pri mache ki kouran a.

c. Anwòlman Pou Patisipe nan Pwodui a - Konsomatè elektrisite kapab chwazi pou yo patisipe nan yon Pwodui Pwogram nan an liy dirèkteman sou sit entènèt Pwogram nan oswa yo kapab kontakte Konsiltan oswa Founisè Pwogram la. Vil la ap enfòme Patisipan ki anwole pou yo patisipe nan Pwodui a avan tout chanjman nan to pwodui a e/oswa kontni enèji renouvlab. Patisipan yo ap kontinye resevwa Pwodui ke yo deja ap resevwa, ki sijè a nouvo pri aplikab ak kontin enèji renouvlab nan kòmansman, a mwens ke Patisipan enfòme Vil la pou'l pa fèl. Yon Patisipan ki anwole pou patisipe nan yon Pwodui ke yap diskontinye dwe chwazi yon lòt pwodui de fason afimativ. Si Patisipan an pa fè chwa sa, yap anwole Patisipan an nan Pwodui pa Defo a. Jan li dekri pi wo nan Seksyon IV.B.3.c, anwòlman konsomatè yo kapab varye selon klas ak souklas konsomatè yo.

6. Notifikasyon pou Kliyan yo

a. Notifikasyon pou pa Patisipe - Vil la ap delivre yon Notifikasyon pou pa Patisipe a tout Konsomatè Anwòlman Otomatik yo o mwens 36 jou ava anwòlman. Notifikasyon pou Pa Patisipe a apenfòme konsomatN yo (1) ke yo dwe anwole otomatikman nan Pwogram nan, (2) ke yo gen dwa pou yo pa patisipe nan Pwogram nan san yo pa penalize yo, e (3) ki aksyon yo dwe pran pou yo pa patisipe. Notifikasyon sa ap gen ladan'l enfòmasyon sou Pwodui a ki gen rapò a pri, kondisyon, ak kontni enèji renouvlab, epi lap idantifye aksyon ke yon konsomatè dwe pran pou yo chwazi yon Pwodui pou patisipe. Finalman, Notifikasyon a ap gen ladan'l enfòmasyon sou to pou Sèvis de Baz, ki gen ladan'l koman pou yo jwenn aksè a li, e le fèt ke li disponib pou yo san penalizasyon. Atachman 2 gen ladan'l yon fòm ki reprezante notifikasyon ke Vil la pwopoze pou pa patisipe.

Vil la ap (1) voye yon Avi pou Retire Tèt ou nan yon anvlòp minisipal ki make ki endike ke li gen enfòmasyon enpòtan ki idantifye ke li gen enfòmasyon enpòtan ladan'l sou patisipasyon'w, (2) enkli yon envlòp ki adrese a tèt ou ki deja gen postaj ki peye pou kat pou retire tèt ou e (3) enkli yon Dokiman Aksè a Lang Separe ki bay enstriksyon selon kijan konsomatè yo kapab resevwa asistans vizyèl oubyen odyo ak enfòmasyon Pwogram lan. Jan li dekri pi wo nan Seksyon IV.B.3.c, Avi pou retire tèt ou kapab varye selon klas ak souklas konsomatè yo.

b. Avi pou chanjman Pwodwi – Vil la ap notifye Patisipan yo de chanjman nan pri oubyen kontni enèji renouvlab de okenn nan Pwodwi li yo. Avi sa idantifye ni pri Pwodwi ki egziste ak nouvo pri yo ak enèji renouvlab kontni enèji e ap idantifye aksyon ke patisipan dwe pran si yo pa bezwen chèche achte Pwodwi ki deja egziste. Jan li dekri pi wo nan Seksyon IV.B.3.c, anwòlman konsomatè yo kapab varye selon klas oubyen souklas.

c. Lòt Notifikasyon

(i) Enfòmasyon General Pwogram – Lè Plan rive, Vil lan kapab delivre enfòmasyon ak materyèl edikasyonèl konsènan nan Pwogram chak Konsomatè Elektrik nan limit li. Vil la kapab mande, pa plis ke yon fwa pa trimès ke Konpayi Distribisyon Elektriksite ki bay enfòmasyon (non konsomatè, adrès lapòs (ak adrès sèvis, si diferan), ak klas to) ki nesesè pou fasilite avi yo. Vil la pap pataje enfòmasyon ak Founisè Pwogram lan. Nan ka kote vil la voye notifikasyon oswa materyèl edikatif bay konsomatè ki anwole avèk yon Founisè Konpetitif, tankou notifikasyon

oswa materyèl edikatif ap enfòme konsomatè sa yo ke, si yo anwole nan Pwogram nan, Founisè Konpetitif la kapab chaje yo yon frè paske yo kraze kontra, e yo dwe verifye avèk Founisè Konpetitif yo sou sijè sa avan yo anwole nan Pwogram nan. Jan li dekri pi wo nan Seksyon IV.B.3.c, Avi pou retire tèt ou kapab varye selon klas ak souklas konsomatè yo.

(ii) Kominikasyon ak Founisè Pwogram - Yon fwa ke Vil la bay apwobasyon li, yon Founisè aktif pwogram nan kapab kominike avèk Patisipan yo konsènan Pwogram la, e si li aplikab, konsènan pwodui ak sèvis ki gen rapò ak enèji.

7. Enfòmasyon Kontini Pwogram la - Vil la a bay piblik la aksè a enfòmasyon kontini sou pwogram nan ki liste nan seksyon (a) jiska (c), ki pi ba. Vil la ap fè enfòmasyon sa disponib pou piblik la nan yon lyen ki vizib sou sit entènèt Vil la. Tab IV.B.7 idantifye metòd ke VIl la ap itilize pou kominike bay Piblik la sou fason yo ka jwenn enfòmasyon sa a.

Tab IV.B.7	**Aksè Piblik a Enfòmasyon kontini sou Pwogram la**
Lokalizasyon	**Deskripsyon**
Sit entènèt Minisipal	Sit entènèt Vil la ap gen enfòmasyon general sou pwogram e la founi yon lyen ki vizib pou sit entènè Pwogram nan.
Sit entènèt Pwogram la	Sit entènèt Pwogram la ap gen ladan'l tout enfòmasyon aktyèl e ki detaye su Pwogram Vil la. (a https://colonialpowergroup.com/everett/). Sit entènèt Pwogram ma pèmèt vizitè pou yo tradui san pèdi tan kontni sit la lè yo chwazi nan yon lis ki gen plis ke 100 lang diferan Sit entènèt la konfòm a ADA, li bay akomodasyon enstantane a diferan pwofil andikapki kouran, tankou andikapnan deplasman, andikap vizyèl ak disleksi.
Machi'n pou Kominikasyon / Aktivite Sansiblizasyon	Vil la ap itilize teknoloji asistans pou asire ke tout Kliyan Elektrisite yo, menm sa ki gen kapasite fisik diminye ki bezwen asistans vizyèl oswa asistans pou tande, kapab byen enfòme. Tout sesyon enfòmasyon ap òganize nan kote ki aksesib, tankou City Hall, Sant pou moun aje oswa libreri. Konsomatè elektrisite ki bezwen asistans (egz, soud oswa ki tande di, avèg oswa ki pa wè byen) ap gen opòtinite pou yo mande teknoloji asistans avan prezantasyon piblik sa yo. Nan ka sesyon enfòmasyon sa yo pa ka òganiza an pèsonn, prezantasyon an ap fèt an liy e, konsa, la aksesib pou konsomatè ki gen deplasman limite.

Tab IV.B.7	**Aksè Piblik a Enfòmasyon kontini sou Pwogram la**
Lokalizasyon	**Deskripsyon**
Kont Rezo sosyal	Vil la kapab poste avi sou chanjman materyèl sou paj rezo sosyal ofisyèl ke Vil la itilize pou kominike ak rezidan yo.
Televizyon Minisipal ki bay Aksè pa Kab	Vil la kapab poste avi sou chanjman materyèl sou televizyon ki bay aksè pa kab, si sa disponib e si li apwopriye.
Anons sou media lokal /rejional	Yap pibliye avi chanjman materyèl sou jounal, si li apwopriye.
Avi fizik nan bilding minisipal yo.	Avi chanjman materyèl ap plase nan City Hall ak nan bilding piblik (egz, libreri, sant pou moun aje, etc.) si li apwopriye.
Depatman, bòd ak komite minisipal yo	Yap bay Konsèy Vil (City Council) la Miza jou nan Pwogram la, sil apwopriye.
Oganizasyon Kominotè	Yo kapab pataje miza jou Pwogram nan ak òganizasyon kominotè yo, si'l apwopriye.

a. Enfòmasyon Miza jou sou Pwodui a - Vil la ap mete a jou to Pwodui a ak kontni enèji renouvlab yo lè sa nesesè, nan fòm ki nan Tab IV.B.3.

b. Enfòmasyon Anyèl Pwogram nan pou Ane ki Pase a - Vil la ap founi Depatman an Enfòmasyon Pwogram nan chak ane pou ane ki pase a jan Direktiv yo mande'l.

(i) Enfòmasyon sou Pwodui a - Konpozant to, kontni enèji renouvlab, ak patisipasyon

(ii) Enfòmasyon sou to konpozante Pwodui a

(iii) Enfòmasyon sou Kontni pou Enèji Renouvlab

(iv) Estrikti Oganizasyonèl, jan li etabli nan Tab IV.A

(v) Tretman Ekitab Klas Konsomatè yo, jan li etabli nan Tab IV.B.1.c

(vi) Aktivite acha materyèl, jan li etabli nan Tab IV.B.2

(vii) Reprezantasyon tout avi ki voye pandan ane ki pase a

(viii) Metòd Aksè Piblik, jan li etabli nan Tab IV.B.7.c.iii, ak

(ix) Lòt sous finansman / Kou pou patisipan, si'l aplikab

c. <u>Enfòmasyon Jeneral sou Pwogram la</u> - *Vil la ap founi e kontinye bay aksè a dokiman ki gen rapò a Pwogram la (egz. Plan, Kòmand Depatman, Publikasyon nan la Près sou Pwogram nan).*

8. <u>Finisman Pwogram la</u> - Vil la ap pran tout aksyon rezonab pou asire kontinuite enèji elektrik pou Patisipan yo. Sepandan, Yo ka fèmen Pwogram la.

a. <u>Kòz Pwobab pou yo ta fèmen Pwogram la.</u> - Yo ka fèmen Pwogram nan de fason: (1) Si kontra a fini oswa ekspire sans ekstansyon, renouvèlman, oswa yo negosye yon lòt kontra; oswa (2) Vil la òdone pou yo elimine Pwogram la.

b. <u>Aksyon ki Planifye pou Minimize Chans pou Fèmen Pwogram la</u> - Vil la, ansanm avèk Konsiltan li, ap jere Pwogram avèk objektif pou yo fè òf ki pou atire Konsomatè Elektrisite Plan a. Aktivite sa yo ap gen la dan yo: (1) devlope e aplike estrateji acha ki dirèk e pwogresis; (2) modifye e entwodui pwodui ki atire e kenbe interè Konsomatè Electrisite yo; (3) elabore operasyon pwogram ansanm avèk tèm kontra pou atire e kenbe interè founisè yo; e (4) antisipe rezilta negatif a travè idantifikasyon prekòs ak jessyon mache oswa evènman règlemantè a travè langaj kontra avèk estrateji operasyonèl.

c. <u>Plan Tranzisyon nan Ka Fèmti</u> - Chak Patisipan ap resevwa yon avi fèmti Pwogram la 90 jou avan yo fèmen'l. Nan ka yo ta fèmen pwogram la, Patisipan ap retounen jwenn Sèvis de Baz oswa yap chwazi endividyèlman yon Founisè Konpetitif. Transfè sa fèt nan koòdinasyon ak Kompayi Distribisyon Elektrik ki sèvi ak pwotokòl Done Elektronik (EDI) ki deja etabli an akò ak regilasyon ak pwosedi ki te mete nan Rapò EBT Working Group.

d. <u>Avi</u> – Vil la pa notifye Kompayo Distribisyon Elektrik ak Depatman 90 jou anvan de yon tèminasyon Pwogram ki planifye. Depatman notifikasyon Depatman ap enkli kopi de tout avi piblik, nouvèl laprès, avi sit entènèt ak okenn lòt kominikasyon ak metòd kominikasyon Vil la pran entansyon pou bay Patisipan yo ak lòt Konsomatè Elektrik selon tèminasyon Pwogram lan e retounen a Patisipan Sèvis de Baz mwen an.

Nan ka tèminasyon pwogram lan, Vil la pap depoze yon nouvo Plan pou apwobasyon Depatman pou yon minimòm de ane a pati de dat tèminasyon an ki defini ap dat ke Vil la retounen tou

Patisipan yo a Sèvis de Baz la. Nouvo Plan ap dekri an antye sikonstans kap menen tèminasyon an ak etap ke Vil la ap pran pou pwoteje kont tèminasyon an.

C. Dwa ak responsability Patisipan ki nan Pwogram lan. – Patisipan yo ap kapab: (1) selekte okenn nan Pwodwi ki nou ofri a klas oubyen souklass konsomatè aplikab yo; (2) chanje de yon Pwodwi a yon lòt lè ou kontakte Founisè Pwogram lan oubyen Konsultan e (3) kite Pwogram nan okenn moman ke ou vle san penalite lè ou kontakte Konsiltan, Founisè Pwogram lan oubyen Konpayi Distribisyon Elektrik lan.

V. REVIZYON DEPATMANTAL PLAN MINISIPAL AGREGASYON

Vil la ap soumèt Plan bay Depatman pou revizyon ak apwobasyon.

VI. RAPÒ ANYÈL

Vil la ap soumèt enfòmasyon sa chak ane a Depatman an relasyon a operasyon Pwogram pandan ane anvan:

- Nan yon paj Excel nan fòma ke nou montre'w nan Gid, Atachman VI;
- Yon dokiman ki enkli enfòmasyon obligatwa yo ki nan Seksyon IV.B.7.b, pi wo.

VII. NOTIFIKASYON A KONPAYI DISTRIBISYON ELEKTRIK

A. Plan Depozisyon – Vil la te avize Konpayi Distribisyon Elektrisite a lè li te depoze Plan an bay Depatman an. Vil la ap avize Konpayi Distribisyon Elektrisite a lè li resevwa yon lòd Depatman an ki apwouve Plan an.

B. Akò pou Founi Enèji –Vil la ap (1) notifye Konpayi Distribisyon Elektrik, nan yon tan apwopriye lè li egzekite yon akò ak Founisè Pwogram lan, e (2) bay konpayi Distribisyon Elektrik ak enfòmasyon nesesè pou kapab anrole ak Founisè Pwogram lan. Vil la ap depoze notifikasyon an nan pwosedi ki nan dosye li. Enskripsyon konsomatè yo plpap pase 60 jou de lè ke Vil la bay enfòmasyon nesesè bay Konpayi Distribisyonb Elektrik.

VIII. CHANJMAN PLAN AK PWOGRAM

A. Pwosesis Revizyon Plan an – Nan ka Vil la ta vle modifye Plan li a yon fason ki konsistan avèk Gid yo, l'ap bay omwen 30 jou kalandriye pou piblik la ka egzamine Plan revize a. Apre revizyon piblik la Vil la ap soumèt Plan revize a bay Depatman pou li kapab gen enfòmasyon an. Vil la ka chèche konsiltasyon avèk Depatman an pou detèmine si yon modifikasyon ke yo pwopoze a konsistan avèk Gid yo.

B. Konsiltan Pwogram – Nan ka Vil la anboche yon nouvo Konsiltan, l'ap avize

Depatman an alekri, idantifye nouvo Konsiltan an epi mete ladan'l, si sa aplikab, dokiman ki montre Konsiltan an se yon Koutye Elektrisite ki gen lisans pou bay sèvis konsiltasyon agregasyon minisipal (gade Seksyon IV.B.1.b, pi wo a)

IX. PWOGRAM MINISIPAL AGREGASYON LICSS

Vil la ka chèche aplike yon Pwogram Agregasyon Minisipal LICSS, lè sa a Vil la dwe soumèt pwogram nan bay Depatman an pou revizyon ak apwobasyon. Vil la konprann ke premye depo li a dwe gen ladan dokiman ki soti nan DOER ki montre Pwogram Agregasyon Minisipal LICSS la satisfè egzijans Règleman SMART yo ak Gid LICSS ki an vigè nan dat depo a. Dokiman an dwe gen ladan tou enfòmasyon sa yo ki gen rapò ak Pwogram Agregasyon Minisipal LICSS la:

A. Pou chak LICSSTGU k ap patisipe nan Pwogram Agregasyon Minisipal LICSS la:

- Non pwopriyetè a/ajan otorize a;
- Kote (non vil la/Vil la);
- Kapasite plak non an ak pwodiksyon enèji total anyèl prevwa a, an kilowat ak kWhs, respektivman;
- Pwodiksyon enèji anyèl prevwa pou moun ki pral patisipe nan pwogram nan, an kWh;
- Fon konpansasyon de baz SMART prevwa ak fon adisyonèl ki dwe peye chak ane bay inite jenerasyon an; epi
- Pòsyon prevwa nan fon adisyon SMART yo pral pase chak ane bay kliyan ki gen ti revni k'ap patisipe nan pwogram nan, an dola ak pousantaj fon adisyon SMART yo peye bay inite jenerasyon an.

B. Kliyan ki gen ti revni k ap patisipe nan Pwogram Agregasyon Minisipal LICSS la:

- Kantite kliyan ki gen ti revni yo prevwa ki pral patisipe nan pwogram nan;
- Itilizasyon anyèl prevwa pou kliyan ki gen ti revni k'ap patisipe yo, an kWh;
- Rediksyon prevwa santim pa kWh sou bòdwo kliyan ki gen ti revni k ap patisipe yo ki soti nan transfè fon SMART yo; epi
- Ekonomi prevwa sou bòdwo mansyèl pou kliyan ki gen ti revni k ap patisipe yo.

C. Frè Minisipalite/Konsiltan:

- Fon SMART ki dwe peye bay Vil la an santim pa kWh ak total dola ki pwojte; e
- Fon SMART ki dwe peye bay Konsiltan an santim pa kWh ak total dola ki pwojte,

Vil la dwe rann enfòmasyon ki idantifye pi wo a disponib pou piblik la jan sa endike nan Seksyon IV.B.7 (Aksè a Enfòmasyon sou Pwogram Kontinyèl la), epi li dwe mete menm enfòmasyon sa a nan Rapò Anyèl li (Seksyon VI). Vil la konprann ke Depatman an pral revize dosye a pou detèmine si li gen ladan dokiman obligatwa DOER yo ansanm ak enfòmasyon Pwogram ki idantifye pi wo a. Yon fwa li konfime, Depatman an ap apwouve Pwogram Agregasyon Minisipal LICSS san plis pwosesis. Apwobasyon Depatman an ap sèvi pou enfòme DOER ke Pwogram Agregasyon Minisipal LICSS la konfòm ak egzijans Depatman an ki gen rapò ak pwogram sa yo ak Gid sa yo. Vil la ka fè kontra avèk LICSSTGU adisyonèl oswa ranplasman ki satisfè egzijans Règleman SMART yo ak Gid LICSS ki an vigè lè sa a epi li dwe dekri kontra sa yo nan pwochen Rapò Anyèl Vil la.

ATACHMAN 1

Enfòmasyon Kontak

Ofisyèl Minisipal ke Depatman an dwe enkli sou tout korespondans kòm reprezantan/ajan avan Depatman an:

Jonatan Frias, Espesyalis Planifikasyon Kominotè
617-394-2246
Jonatan.Frias@ci.everett.ma.us

Anpil antite ap disponib pou founi "asistans a konsomatè: a Kliyan Elektrisite yo, fasonki piba:

Kontak Vil la:

Jonatan Frias, Espesyalis Planifikasyon Kominotè
617-394-2246
Jonatan.Frias@ci.everett.ma.us

Matthew Lattanzi, Esq., Direktè Planifikasyon ak Devlopman
617-394-2334
Matt.Lattanzi@ci.everett.ma.us

Katherine Jenkins-Sullivan, Reskonsab Soutenans
617-944-0236
Kate.Jenkins-Sullivan@ci.everett.ma.us

Kontak Konsiltan:

Colonial Power Group, Inc.
866-485-5858, ext. 1
https://colonialpowergroup.com/

Kontak Founisè Pwogram la:

TBD

Vil la kapab chanje kontak sèvis pou Kliyan yo de tan zan tan. Kontak pou Sèvis Kliyan aktyèl yo ap afiche yon fason vizib sou sit entènèt Vil la ak Pwogram la.

ATTACHMAN 2

Avi pou retire tèt ou

PWOGRAM EMPOWER EVERETT
AVI POU KONSOMATÈ

<Mwa> <Jou>, <Ane>

Chè Konsomatè Sèvis de Baz:

Vil Boston trè kontan pou li anonse ke _____yo chwazi antan ke founisè ke pwogram Empower Everett ("Pwogram"). Pwogram sa se yon agregrasyon minisipal ki pèmèt gouvènment lokal la pou li konbine pouvwa pou achte nan men rezidan yo ak biznis pou founi yo ak yon altènativ a Sèvis De Baz National Grid (M.G.L. c. 164, § 134). Pwogram sa ap sèlman afekte pòsyon Pwovizyon de bil ou pou mwa. Li pap afekte pòsyon livrezon de bil mwa ou. National Grid ap kontinye delivre elektrisite men Everett chwazi founisè pou Pwogram _____ap founi elektrisite pou tout konsomatè ki nan moman sa sou Sèvis de Baz Everett. Lèt sa la pou li pale'w de Pwogram pou kijan ou resevwa elektrisite. An akòdans a lwa leta, li enfòme'w de dwa'w ak opsyon'w si ou chwazi pou pa patisipe nan Pwogram sa.

- ✓ **N'AP ANROLE'W OTOMATIKMAN NAN PWOGRAM SA,** a mwens ke ou chwazi pou retire tèt ou.
- ✓ **OU <u>SIPOZE</u> REPONN ANVAN <MWA> <JOU>, <ANE>** si ou chwazi pou no pa anrole'w otomatikman.

OU PAP WÈ OKENN CHANJMAN NAN SÈVIS ELEKTRISITE'W. Sèl diferans ke w'ap wè sè _____ _____ ap ekri anba seksyon "Supplier Services" de bill pou mwa ou. W'ap kontinye resevwa yon bill de National Grid. W'ap kontinye voye peman ou bay National Grid pou yo kapab trete yo National Grid ap kontinye reponn ou pou ijans, li kontè yo e antretni liy distribisyon ak liy transmisyon yo. Fyabilite ak kalite sèvis la ap rete menm jan. An plis, w'ap kontinye gen tout dwa a pwoteksyon ke kliyan nou yo genyen.

KONPAREZON PRI AK TÈM YO

	Pwogram Everett* **(Sèvis Founisè Sèlman)**		**National Grid**** **(Sèvis Founisè Sèlman)**
	STANDA	**OPSYONÈL**	**SÈVIS DE BAZ**
Pri	**(defo)**		
Rezidansyèl	$X.XXXXX per kWh	$X.XXXXX per kWh	$X.XXXXX per kWh
Komèsyal/Limyè Lari	$X.XXXXX per kWh	$X.XXXXX per kWh	$X.XXXXX per kWh
Endistriyèl	$X.XXXXX per kWh	$X.XXXXX per kWh	$X.XXXXX per kWh
Kontni pou Enèji Renouvlab ***(gade pa andedan papye pou pousantaj pa ane ki obligatwa & volontè)***	**[POU DETÈMINE apre pwosesis pri konpetitif]**	**[POU DETÈMINE apre pwosesis pri konpetitif]**	Satisfè kondisyon ke enèji renouvlab Massachussetts mande
Dire	**_____ 20XX – _____ 20XX** *[Pri yo aplike a sèvis nan kòmansman ak fen nan jou mwa ke nou li kontè nan kote nou ba'w sèvis.]*		**_____ 20XX – _____ 20XX** *[Pri pou Rezidansyèl ak Ti Biznis ki chanje chak 6 mwa.] [Pri pou Komèsyal ak Endistriyèl ki chanje chak 3 mwa.]*
Tèm pou soti	**PA GEN CHAJ**		Ou kapab resevwa yon chaj pou rekonsilyasyon oubyen yon kredi *[Endistriyèl G-2 & G-3 sèlman]*

**Pri yo enkli Frè Sèvis Konsiltan ki $0.001 pa kWj pou fasilite Pwogram Empower Everett.*
**Frè Sèvis Minisipal de $X.XXX pa KWh pou finanse frè pèsonèl ki asosye ak pozisyon Planifikatè Dirabilite.*
**Pri an kapab ogmante a koz de chanjman nan lwa ki vin fè yon ogmantasyon nan pri yo pou tan ke kontra dire.*
***Opsyon GreenUp disponib pou $0.022-$0.038 pa kWh an adisyon a pri Sèvis de Baz National Grid.*

ENFÒMASYON ENPÒTAN

- Nan lansman Pwogram lan, pri agregasyon an pi ba ke li janm ye nan pri Sèvis de Baz National Grid. Pri agregasyon an fikse pou __ mwa pandan ke pri Sèvis de Baz National Grid chanje de fwa pa ane, an Fevrye ak Out. Kòm rezilta, pri agregasyon an gen dwa pa toujou pi piti ke pri Sèvis de Baz National Grid. Gòl agregasyon an se pou li delivre ekonomi pandan vi Pwogram lan la kont pri Sèvis de Baz National Grid. *Men,* ***NOU PAKA GARANTI RABÉ NAN FITI.***
- Pa gen **OKENN CHAJ SI OU RETIRE TÈT OU** de Pwogram lan e retounen nan Sèvis de Baz National Grid.

« GADE DÈYÈ POU PLIS ENFÒMASYON »

TOUT KONSOMATÈ SÈVIS DE BAZ YO ki resevwa yon avi pa lapòs ke y'ap anrejistre OTOMATIKMAN nan Pwogram lan e kap kòmanse benefisye an pri agregasyon ki kòmanse nan jou ak mwa nan _____ ke yo li kontè'w. Jou ap varye depandan de kote ou ye. Jou ke yo li kontè'w ap parèt nan bil ou.

GADE BIL NATIONAL GRID OU POU PLIS AVI de Pwogram lan.

- Bil _____ ap endike ke y'ap chanje'w a Pwogram Everett.
- Bil _____ an l'ap montre founisè Everett ak pri agregasyon anba "Supply Services".

PLAN KI BIDJETE OUBYEN KLIYAN KI KALIFYE POU PRI POU KONSOMATÈ ap kontinye resevwa benefis sa yo de National Grid.

PANO SOLÈ AK KLIYAN NAN KOMINOTE SOLÈ YO ap kontinye resevwa benefis pou kontè yo oubyen kredi nan bil yo pandan y'ap resevwa elektrisite nan Pwogram lan e nou pap chanje valè kredi yo pandan y'ap patisipe nan pwogram lan.

TOUT TAKS KI APLIKAB AP NAN BIL LA kòm chaj de Founisè Elektrisite. W'ap responsab pou idantifye e mande yon egzanpsyon de koleksyon taks ou si ou bay dokiman ki nesesè.

KONSOMATÈ TI BIZNIS dwe voye oubyen fakse kopi Sètifikat Egzanpsyon Enèji yo dirèkteman bay ___(Supplier)___ nan(Supplier address/fax pou yo kapab kenbe stati egzanpsyon yo.

SI OU GENTAN CHWAZI YON FOUNISÈPOU TÈT OU, ou dwe retire tèt ou nan Pwogram sa. Sa ap asire ke ou kontinye resevwa elektrisite'w nan men founisè sa.

SI OU GENTAN CHWAZI YON OPSYON FOUNISÈ GREEN POWER A TRAVÈ NATIONAL GRID ou dwe retire tèt ou de Pwogram lan. Sa ap asire ke ou kontinye resevwa elektrisite'w nan men Founisè Green Power.

KÒMAN POU RETIRE TÈT OU

- Siyen e voye kat pou retire tèt ou a nan envlòp ki deja peye ke nou voye ba ou; **OUBYEN**
- Visite colonialpowergroup.com/everett e clike nan opsyon pou retire tèt ou, epi ranpli e soumèt Fòm pou retire tèt ou; **OUBYEN**
- Rele _____ nan _____ e mande pou kapab rete sou Sèvis de Baz National Grid.

NENPÒT KILÈ APRE ANROLMAN ou kapab retire tèt ou SAN CHAJ. Li kapab pran plizyè bil anvan pou retounen nan Sèvis De Baz National Grid. Si ou chwazi pou retire tèt ou nan premye anrolman, ou kapab soumèt fòm pou retire tèt ou nan colonialpowergroup.com/everett **OUBYEN** rele _____ nan _____ e mande pou yo mete'w nan Sèvis de Baz National Grid.

POU CHWAZI YON PWODWI AK YON PI GWO POUSANTAJ ENÈJI RENOUVLAB ou kapab rele _____ at _____ e mande pou yo kapab anrole'w nan Pwodwi Opsyonèl Everett.
[Opsyon pwodwi pou detèmine apre yon pwosesis òf konpetitif. Pati pa anlè a aji antan ke yon espas rezève e ap ranplase ak yon deskripsyon pwodwi ki enkli pri, tèm, teknoloji, kalite, ak lokasyon.]

A TRAVÉ LAVI PWOGRAM LAN chak kontra apre sa kapab diferan pa pri, tèm, oubyen founisè. W'ap otomatikman anrole nan pwochen kontra ak nouvo pri agregasyon o mwens ke ou retire tèt ou. Nouvo pri agregasyon kapab pi wo oubyen pi ba ke pri kouran e kontni enèji renouvlab volontè kapab chanje. Ap genyen yon avi an avans pou chak renouvleman otomatik pou enfòme'w pou de opsyon pou founisè si ou ta renmen retire tèt ou.

POU PLIS ENFÒMASYON DETAYE konsènan Pwogram Everett an, tanpri vizite colonialpowergroup.com/everett ou byen rele nou gratis nan (866) 485-5858.ekst. 1

POU KAPAB GEN AKSÈ A PRI POU SÈVIS DE BAZ NATIONAL GRID tanpri vizite:

- Pri Rezidansyèl – nationalgridus.com/media/pdfs/billing-payments/electric-rates/ma/resitable.pdf
- Pri Komèsyal – nationalgridus.com/media/pdfs/billing-payments/electric-rates/ma/commtable.pdf.
- Pri Endistriyèl – nationalgridus.com/media/pdfs/billing-payments/electric-rates/ma/indtable.pdf.

Colonial Power Group, Inc. se yon konpayi konsiltasyon enèji Vil Everett chwazi sou baz konpetitif pou fasilite Pwogram Elektrisite Empower Everett.

PWOGRAM EMPOWER EVERETT
LÈT ANVLÒP AVI POU KONSOMATÈ

OFFICIAL CITY BUSINESS

City of Everett
c/o Competitive Supplier
1 Supplier Street
Supplier, MA 00000

PRESORTED
FIRST-CLASS
MAIL
U.S. POSTAGE
PAID
STAMFORD, CT
PERMIT NO. XXX

John Smith
1 Main Street
Everett, MA 02149

PA JETE - Avi ENPÒTAN Konsènan Pri Elektrisite

PWOGRAM EMPOWER EVERETT
KAT AVI POU RETIRE TÈT OU AK ANVLÒP POU REPONN

BUSINESS REPLY MAIL
FIRST-CLASS MAIL PERMIT NO. XX MARLBOROUGH, MA
POSTAGE WILL BE PAID BY ADDRESSEE

NO POSTAGE
NECESSARY
IF MAILED
IN THE
UNITED STATES

CITY OF EVERETT
c/o COMPETITIVE SUPPLIER
1 SUPPLIER STREET
SUPPLIER, MA 00000

PWOGRAM EMPOWER EVERETT
KAT POU RETIRE TÈT OU

John Smith
1 Main Street
Everett, MA 02149

Nimewo Kont: ##########

X _____

Siyati **Dat**

Si ou vle patisipe nan
Pwogram Empower Everett
ou pa bezwen pran okenn aksyon.
N'ap anrole'w otomatikman.

<u>Enstriksyon pou retire tèt ou</u>
Si ou pa vle patisipe:
1) Siyen e date
2) Mete li nan anvlòp ke nou ba ou an
3) Mete li nan lapòs

Kat la dwe siyen pa konsomatè ki sou bòdwo a ke non li parèt nan adrès ki sou kat la. **Anvlòp sa de ale nan lapòs anvan _____ pou kapab retire tèt ou nan Pwogram lan avan ke nou anrole'w otomatikman.**

KONTNI ENÈJI RENOUVLAB - Obligatwa e Pousantaj Volontè pa Ane

Empower Everett		Ane	Obligatwa pa Eta*		Volontè** *[POU DETÈMINE]*		TOTAL
			Klass I MA	Lòt	Klass I MA	Lòt	
Vil Everett	**STANDA (pa defo)** ***[POU DETÈMINE apre pri konpetitif]***	2025	27%	36%	---	---	63%
		2026	30%	39%	---	---	69%
		2027	33%	43%	---	---	76%
	OPSYONÈL ***[POU DETÈMINE apre pri konpetitif]***	2025	27%	36%	---	---	63%
		2026	30%	39%	---	---	69%
		2027	33%	43%	---	---	76%
National Grid SÈVIS DE BAZ		2025	27%	36%	---	---	63%
		2026	30%	39%	---	---	69%
		2027	33%	43%	---	---	76%

*Obligatwa selon Leta - Pousantaj minimum obligatwa de resous enèji renouvlab ki obligatwa selon lwa MA.
**Volontè - Enèji renouvlab adisyonèl ki ale o dela de minimòm ke leta oblije nan yon ane spesifik.
Pou detay adisyonèl de obligasyon de enèji renouvlab, tanpri vizite mass.gov/info-details/program-summaries.